



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 19
KONTE PALM BEACH COVID-19
LOKASYON POU VAKANS AK AKOUTÈM**

KONSIDERAN, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon virus lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye tou Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisyen Sante Eta a pou pibliye yon avi sante publik pou moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

KONSIDERAN, nan dat 27 mas 2020, Gouvènè Ron Desantis te pibliye Dekrè Egzekitif 20-87 ki sispann operasyon lokasyon pou pwopriyete vakans ki defini nan Seksyon 509.242(1)(c), Lwa Florid yo ak lòt lokasyon ki defini nan Seksyon 1 òdonans lan; epi

KONSIDERAN, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif an respons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvre kèk biznis, epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt bagay, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan kad Faz 1 an, ak Dekrè Egzekitif 20-123 kote Gouvènè a te pwolonje ak mennen tout konte Florid yo nan Faz 1 Konplè a; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach rete nan Faz 1 an akò ak Dekrè Egzekitif 20-123 ak Dekrè Egzekitif 20-139 ke Gouvènè DeSantis te pibliye nan dat 3 jen 2020. Restriksyon yo nan Faz 1 an pèmèt gen plas pa anndan nan restoran yo nan 50% kapasite avèk repatisyon apwopriye anplas ant pati yo. Plas pou chita pa deyò ak sèvis pou anpòte yo otorize; sepandan, kontwa ba yo

rete fèmen pou plas pou chita, ak manje nan ba anndan restoran yo pa otorize. Ba ak klèb de nwi yo rete fèmen nan Konte Palm Beach; epi

KONSIDERAN, Dekrè Egzekitif 20-123 a te pibliye nan 14 me 2020, ki prevwa tou ke konte yo ka chèche apwobasyon pou jere lokasyon pou vakans yo nann yon demann ekri bò kote Administratè Konte a ak plan sekirite konte a pou operasyon lokasyon pou vakans ki soumèt bay Sekretè Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl (DBPR); epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach te konvoke yon gwoup travay sou lokasyon pou vakans ki gen ladan reprezantan endistri ak minisipal ki te rankontre twa (3) fwa epi te apwouve yon plan sekirite pou konte a pou lokasyon pou vakans ak akoutèm yo, epi

KONSIDERAN, plan konte a pou ouvri lokasyon pou vakans ak akoutèm te soumèt bay DBPR nan dat 5 jen 2020, ke DBPR apwouve nan dat 8 jen 2020; epi

KONSIDERAN, akòz yon ogmantasyon nan prevalans COVID-19 nan kominote a ak preyokipasyon konsènan ogmantasyon nan pwopagasyon viris la, Administratè Konte a te detèmine sa te apwopriye ak nesesè pou retade ouvèti lokasyon pou vakans ak akoutèm nan moman sa a epi te refize piblikasyon yon òdonans ki t ap otorize ouvèti a; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach te gen yon gwo ogmantasyon nan kantite ka pozitif pou COVID-19 nan fen mwa me, jen ak jiyè, ki gen ladan anpil kantite ka ki nan kategori laj adolesan ak jèn granmoun. Plis pase 33,000 ka pozitif te rapòte nan fen mwa jiyè. Itilizasyon kabann lopital, ki gen ladan itilizasyon kabann ICU (Inite Swen Entansif), te ogmante tou pandan menm peryòd la akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 14 jiyè 2020, konsidere sa anvan yo, Konsèy Manm Komisyón Konte Palm Beach la te mande Administratè Konte a pou anile demann Konte a bay Gouvènè Ron DeSantis pou Konte Palm Beach pou antre nan Faz 2: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid; epi

KONSIDERAN, pou reponn ak gwo ogmantasyon sa yo nan ka pozitif COVID-19 yo ak pou ogmante sensibilizasyon publik la sou mezi sekirité ak sanitè ki nesesè pou pwoteje sante publik la, Administratè Konte a te mande mete pwoteksyon figi nan tout biznis, etablisman ak nan espas publik epi egzije etablisman vant an detay ak restoran yo pou mete afich ki gen enfòmasyon sou egzijans pou pwòpte, distans sosyal ak pwoteksyon figi. Administratè Konte a te mete restriksyon tou sou lè operasyon restoran ak lòt etablisman kote moun yo ka rasanble; epi

KONSIDERAN, Òdonans Dijans 2020-014 la te pibliye nan dat 14 jiyè 2020, ki mete restriksyon sou lè operasyon restoran ak lòt etablisman sèvis alimantè ak plizyè lòt kalite biznis; epi

KONSIDERAN, Òdonans Dijans 2020-015 la, te pibliye nan dat 23 jiyè 2020, te anile ak ranplase Òdonans Dijans 2020-014 la. Òdonans ki ranplase a klarifye limit nan lè restoran yo pou entèdi konsomasyon sou plas pandan lè biznis ki gen restriksyon yo, te klarifye Konte Palm Beach

rete nan Faz 1 an epi te klarifye ke biznis yo nan Konte Palm Beach ki rete fèmen nan kad Faz 1 an; epi

KONSIDERAN, Òdonans Dijans 2020-016, te pibliye nan dat 23 jiyè 2020, te pwolonje òdonans sou pwoteksyon figi ki obligatwa a pou trant (30) jou anplis; epi

KONSIDERAN, Òdonans Dijans 2020-017 la, te pibliye nan dat 7 out 2020, te adopte tout Dekrè Egzekitif Eta Florid ki gen rapò ak COVID-19 ki aplikab pou Konte Palm Beach, ak pwosedi sou aplikasyon lalwa ki kodifye ki aplikab pou vyolasyon dekrè egzekitif konte ak eta a; epi

KONSIDERAN, Òdonans Dijans 2020-018 la, te pibliye nan dat 11 out 2020, te klarifye ke etablisman k ap reyalize terapi masaj ki gen lisans ak etablisman ki reyalize sèvis akiponkti ki gen lisans otorize fonksyone tankou sèvis sa yo nan Konte Palm Beach; epi

KONSIDERAN, Administratè Konte a te detèmine kounye a ke, konsidere entèvansyon ki mansyone anwo yo, plan nesesè yo anplas pou operasyon san danje lokasyon pou vakans ak akoutèm yo epi sa awopriye pou otorize operasyon yo nan Konte Palm Beach.

KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA daprè Chapit 9, Atik II, Seksyon 9-35 Kòd Konte Palm Beach lan, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyón Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, ak jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

1. **Konsideran yo.** Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. **Aplikabilite ak Entansyon.** Òdonans sa aplike nan tout zòn nan Konte Palm Beach ki entegre ak pa entegre. Òdonans sa a gen entansyon otorize operasyon lokasyon pou vakans ak akoutèm yo an akò ak plan sekirite Eta a apwouve. Òdonans sa a pa gen entansyon pou, ni pa dwe entèprete pou, otorize okenn lòt biznis ki aktyèlman entèdi fonksyone pou ouvri. Òdonans sa a gen entansyon tou pou, ni pa dwe entèprete pou, otorize okenn biznis k ap opere nan vyolasyon lwa aplikab yo pou kontinye operasyon ilegal sa yo, ki gen ladan, men pa limite ak, nenpòt operasyon ki nan vyolasyon nenpòt lwa zonaj konte oswa minisipal oswa òdonans dijans.
3. **Ouvèti Otorize.** Tout lokasyon pou vakans ak akoutèm ki mansyone anba yo, ki te sispann anvan daprè Dekrè Egzekitif 20-087 la, ka re-ouvri depi lokasyon yo fèt nan respè ak dispozisyon *Plan Sekirite Konte Palm Beach pou Ouvèti Lokasyon pou Vakans ak Akoutèm yo*, jan sa ka amande, entegre isit la ak ajoute tankou Anèks 1.
 - a. Lokasyon pou vakans jan sa defini nan Seksyon 509.242(1)(c), Lwa Florid yo;
 - b. Nenpòt kay, kondominyòm, koperativ oswa inite lojman ki se yon etablisman lojman publik pwovizwa, jan sa defini nan Seksyon 509.013(4), Lwa Florid yo,

ki lwe pou peryòd ki mwens pase 30 jou oswa 1 mwa kalandriye oswa nenpòt sa ki mwens lan, oswa ki anonse oswa prezante tankou yon kote ki lwe ak envite, oswa ke DBPR règlemente tankou lokasyon pou vakans dapre Seksyon 509.242, Lwa Florid yo.

4. **Aplikasyon Lalwa.** Cherif Konte Palm Beach lan, lòt ajans pou fè aplike lalwa yo ki gen ladan ajans minisipal pou fè aplike lalwa ak nenpòt lòt pèsònèl lalwa otorize, ki gen ladan, men pa limite ak, pèsònèl ki dekri nan Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach lan, otorize pou ranföse Òdonans sa a an akò ak dispozisyon Òdonans Dijans 2020-017 la ak nenpòt amannman ladan.
5. **Konfli.** Nenpòt dispozisyon nan Òdonans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonal oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans sa a avèk rès Òdonans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans sa a. Dispozisyon Òdonans sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontré oswa ki gen konfli avèk Òdonans sa a.
6. **Dat li anvigè.** Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 12:01 a.m. nan dat 22 out 2020. Òdonans sa ap ekspire lè Eta Dijans Lokal la ekspire, piske lòt òdonans oswa deklarasyon ka pwolonje li, amwenske lòt òdonans oswa aksyon Konsèy Manm Komisyun Konte a mete fen ladan anvan sa.

KONTE PALM BEACH

Pa: [Siyati]
Administratè Konte

21 out 2020
Dat

**ATESTE
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: [Siyati]
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON
SIFIZANS JIRIDIK**

Pa: [Siyati]
Pwokirè Konte

Anèks 1



P.O. Box 1989
West Palm Beach, FL 33402-1989
(561) 355-2001
FAKS: (561) 355-3990
www.pbcgov.com



Konsèy Manm Komisyon Konte nan Konte Palm Beach

Dave Kerner, Majistra
Robert S. Weinroth, Vis Majistra

Hal R. Valeche
Gregg K. Weiss
Mary Lou Berger
Melissa McKinlay
Mack Bernard

Administratè Konte

Verdenia C. Baker

5 jen 2020

Sekretè Halsey Beshears
Dept. of Business and Professional Regulation
2601 Blairstone Road
Tallahassee, FL 32399-1027

Chè Sekretè Beshears,

Pandan Konte Palm Beach pa ka tann ouvèti san danje ak responsab biznis yo ki te fèmen pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la, nou rekonèt enpòtans endistri touris ak ospitalite nan kominate nou an. Nou rekonèt nesesite pou mennen biznis sa yo, espesyalman ti biznis yo, tounen fonksyonèl nan ekonomi nou an.

Ouvri otèl ak etablisman lojman komèsyal yo te yon pati ki enpòtan anpil nan retablisman sa a, epi nou espere kontinye sou chemen sa a avèk ouvèti lokasyon pou vakans ak akoutèm ki apwouve a pou rezidan Florid yo ak moun andeyò eta a ki vin pase vakans.

Plan Konte Palm Beach pou Ouvèti Lokasyon pou Vakans ak Akoutèm yo te sòti nan dokiman ki te pibliye ki detaye pi bon pratik yo jan CDC dekri sa, Asosyasyon Jesyon Lokasyon pou Vakans (Vacation Rental Management Association, VRMA) ak Pwofesyonèl Antretyen Lokasyon pou Vakans yo. Nou te resevwa plis lide nan men konpayi Jesyon Lokasyon pou Vakans yo k ap fonksyone nan konte yo nan eta a, ansanm ak operatè lokal yo, minisipalite yo ak pwofesyonèl sante publik yo. Konte Palm Beach te mete ansanm yon Gwoup Travay sou Lokasyon pou Vakans ki te gen ladan kèk nan pati ki mansyone anwo yo, manm Asosyasyon Ajan Imobiliye Konte Palm Beach ak Direktè Egzekitif VRMA a. Gwoup la te rankontre twa fwa pou revize plan sekirite sa a ak rekòmande apwobasyon li.

Direktiv sa yo nan Konte a chèche etabli pi bon pratik nan endistri a pou asire, toudabò, sekirite envite yo.

Mèsi pou konsiderasyon ou pou plan Konte Palm Beach sou re-ouvèti lokasyon pou vakans ak akoutèm yo, epi nou pa ka tann pou demann sa a jwenn apwobasyon. Mwen disponib pou reponn nenpòt kesyon ou ta genyen.

Ak tout senserite,

[Siyati]

Yerdenia C. Baker
Administratè Konte



PLAN SEKIRITE KONTE PALM BEACH POU OUVÈTI LOKASYON POU VAKANS AK AKOUTÈM

Plan Konte Palm Beach pou Ouvèti Lokasyon pou Vakans ak Akoutèm yo te sòti nan dokiman ki te pibliye ki detaye pi bon pratik yo jan Asosyasyon Jesyon Lokasyon pou Vakans (Vacation Rental Management Association, VRMA) ak Pwofesyonèl Antretyen Lokasyon pou Vakans yo te sipòte sa, avèk kontribisyon konpayi Jesyon Lokasyon pou Vakans yo k ap fonksyone nan konte yo nan eta a. Depatman Règlemantasyon pou Biznis ak Pwofesyonèl Eta a te revize plan sa a epi li konfòm ak direktiv yo a. Direktiv konte sa yo (lè yo aplike anplis estanda CDC etabli yo) chèche etabli pi bon pratik nan tout endistri a pou asire sekirite envite yo. Konte a rekonèt enpòtans pou kenbe rezidan ak vizitè yo an sekirite, epi poutèt sa, nou espere kondisyon anba yo ap obligatwa pou re-ouvrí lokasyon akoutèm yo.

Rezèvasyon Lokasyon pou Vakans ak Akoutèm

Rezèvasyon lokasyon pou vakans ak akoutèm (ki refere isit la tankou "lokasyon pou vakans") dwe respekte règleman anba yo:

Rezèvasyon nan zòn sansib ak COVID-19 ke Gouvènè a identife dwe evite pandan 30 pwochen jou yo apati 15 jen 2020; annapre a, rezèvasyon nan zòn ke Gouvènè DeSantis identife ki gen gwo risk, atravè Dekrè Egzekitif yo, dwe pou peryòd ki pi long pase peryòd karantèn ki etabli nan Dekrè sa a. Envite yo ki okipe lokasyon pou vakans sa yo dwe respekte restriksyon pou karantèn yo.

Rezèvasyon vwayajè entènasyonal yo pa dwe aksepte.

Pou asire estanda sante, sekirite ak netwayaj ki optiimal, inite yo pa dwe lwe pandan omwen 24 èdtan apre yon envite fin kite inite lokasyon an.

Sante ak Sekirite Envite yo

Anrejistreman ak depa a distans dwe disponib lè sa posib pou redui entèrakson fas a fas.

Envite yo dwe jwenn yon kopi plan sa a pa imèl, lapòs oswa kopi papye anvan yo rive epi plan sa a dwe afiche sou chak sitwèb lokasyon pou vakans yo si sit ki ebèje sitwèb la otorize sa.

Resous CDC yo dwe bay ak nenpòt envite pandan yo rete sou pwopriyete a. Resous sa yo disponib nan plizyè lang sou sitwèb CDC a.

Direktiv CDC a dwe bay ak envite yo k ap vwayaje ak bèt ak bèt sèvis/asistans si pwopriyete a adapte pou bèt.

Tout pwopriyete yo dwe bay direktiv lokal sou COVID-19 pou envite yo. (Gen yon lyen sou pajwèb Konte Palm Beach, www.pbcgov.org, ki bay pou gen aksè ak enfòmasyon sa yo.)

Pano yo dwe byen afiche nan tout inite yo ki detaye pwosedi sou netwayaj ak dezenfeksyon ansanm ak enfòmasyon sou sante pandan karantèn pou moun ki vin teste pozitif pou COVID-19.

Anplwaye ak kontraktè yo k ap travay nan lokasyon akoutèm yo dwe jwenn direktiv CDC ki gen rapò ak sante pou soulaje transmisyon viris la ak bay plis pwoteksyon pou anplwaye ak envite yo.

Netwayaj Pwopriyete

Tout direktif sou dezenfeksyon Depatman Règlementasyon pou Biznis ak Pwofesyonèl (DBPR) la dwe respekte:

61C-3.001 Kondisyon sou Dezenfeksyon ak Sekirite pou lwa pwovizwa sou loiman.

Responsabilite Envite

Lokasyon pou vakans yo pa dwe itilize pou akomode gwoup moun ki gen plis pase 10 moun, ki gen ladan minè. Pwopriyetè ak manadjè lokasyon pou vakans yo ka mete plis restriksyon nan sa.

- Se sèlman lokatè endivididyèl ki dwe rezève lokasyon pou vakans yo, si yon gwoup konte rete nan yon lokasyon pou vakans, yo dwe se manm menm fanmi an.
- Pou machin nan lokasyon pou vakans yo, pwopriyetè machin lan dwe mete nan pa briz la, kat estasyònman ki nan aneks la ki endike machin lan se pou lokatè pwopriyete lokasyon pou vakans lan, adrès pwopriyete aa ak nimewo telefòn manadjè pwopriyete a pou asire sekirite vwazen yo ki ka pase devan machin ki estasyone yo.
- Envite nan kay rezidansyèl yo dwe mete pwoteksyon figi lè yo pa ka kenbe distans sosyal nan katye rezidansyèl yo ak nan zòn ki rekòmande nan Òdonans Dijans 8 Konte Palm Beach lan ke nou ka jwenn nan www.pbcgov.org.

Envite yo dwe enfòme ebèjè a si nenpòt moun nan kay la tonbe malad.

Envite yo dwe enfòme ebèjè si yo te teste oswa ekspoze ak COVID-19 nan 14 jou pase yo.

Estanda ak Direktiv sou Dotasyon Pèsonèl

Konpayi Jesyon Lokasyon pou Vakans yo ak ebèjè lokasyon akoutèm yo dwe respekte toutan direktiv annapre yo lè sa aplikab:

1. Distans Sosyal

- a. Avize pèsonèl la pou kenbe distans sekirite (omwen 6 pye) epi pou pa rasanble an gwoup ki plis pase 10 moun.
- b. Repati lè rive yo pou pèsonèl la ka anpeche rasanjeleman.
- c. Limite aksè pou zòn poz yo ak chèche zòn kote pèsonèl la ka epapiye pou poz yo. Pèmèt pèsonèl la manje yo nan zòn ki asiyen yo, lè sa posib.

2. Mask, gan ak lòt ekipman pwoteksyon pèsonèl.

- a. Tout anplwaye yo k ap entèraji ak publik la dwe mete mask ak gan, amwenske gen yon baryè fizik tankou yon baryè pleksiglas ki separe manm pèsonèl la ak envite a. Founiti netwayaj apwopriye yo dwe bay pou netwaye zòn ak pòs travay yo.

3. Kontwòl byennèt

- a. Tout manm pèsonèl la dwe resevwa yon kontwòl byennèt lè yo rive nan travay. Kontwòl byennèt yo, omwen, ap gen ladan verifikasyon tanperati.
- b. Manm pèsonèl la ki gen yon tanperati 100.4 degré oswa plis p ap otorize travay.

4. Ijyèn

- a. Lave/dezenfekte men ou souvan espesyalman apre ou fin manyen atik oswa sifas ki souvan itilize.
- b. Anplwaye yo dwe evite manyen figi yo.
- c. Etènye oswa touse nan yon twal oswa pa anndan koud ou.
- d. Dezenfekte espas travay anplwaye a souvan pandan peryòd travay la ak anva/apre yon peryòd travay si se yon espas ki pataje.
- e. Dezenfektan pou men endividyle yo dwe bay ak anplwaye yo pou zòn travay ki asiyen ak yo ak pou manm pèsonèl la ki vini nan pwopriyete a ak/oswa kominate a.

5. Fòmasyon Obligatwa/Edikasyon Pèsonèl

- a. Tout manm pèsonèl la dwe edike ak respekte estanda minimòm ke plan sa a etabli.

Dezenfeksyon ak Pwòpte pou COVID-19

- Sifas yo dwe netwaye ak dezenfekte.
- Pèsonèl netwayaj la ak pèsonèl lokasyon an dwe jete gan yo ak itilize dezenfektan pou men anvan yo antre nan machin yo.
- Pèsonèl netwayaj ak pèsonèl lokasyon pou vakans lan dwe swiv direktiv CDC pou lave men pandan jounen an.
- Tout pèsonèl netwayaj ak pèsonèl lokasyon pou vakans lan dwe mete PPE apwopriye dapre direktiv CDC yo ki gen ladan linèt pwoteksyon ki pwoteje je yo kont lè ak/oswa likid.

Pwodui, Ajan Netwayaj ak Ekipman

- Pèsonèl netwayaj ak pèsonèl lokasyon pou vakans itilize pwodui netwayaj ki konfòm ak lis pwodui EPA yo avèk "reklamasyon Nouvo Patojèn Viral AK Kowonaviris Imen pou itilize kont SARS-CoV-2".
- Pwosedi dezenfeksyon yo dwe otorize pou tan sejou nesesè pou touye viris ak mikwòb yo.
- Pwodui dezenfektan yo dwe itilize sou gwo sifas yo souvan manyen yo.

Netwayaj ak Enspeksyon

- Dwe gen tan anplis pou pwosedi netwayaj ranfòse ki pran plas.

Vestibil Zòn Komen, Teras Pisin, Asansè ak Lòt Zòn Similè

- Zòn vestibil yo dwe siveye epi dwe gen pano apwopriye ki afiche, pou asire pwotokòl distans sosyal yo respekte.
- Zòn vestibil yo dwe siveye ak dezenfekte pandan jounen an.
- Dezenfektan pou men dwe bay nan tout zòn komen yo, ki gen ladan vestibil, teras pisin ak asansè yo.
- Asansè ki itilize an komen yo dwe dezenfekte pandan jounen an.
- Mèb pisin lan dwe gen espas pou ankouraje distans sosyal (distans 6pye)
- Mèb pisin lan dwe dezenfekte apre chak itilizasyon si pisin lan limite ak yon inite enskripsyon endividiyèl.

Sifas Soup ak Ranbourai

- Nenpòt espre a ponp sou presyon dwe itilize pou distribiye yon pwodui dezenfektan nan tout sifas soup yo.
- Lenj ak dra kabann ki sal yo dwe ranje ak dezenfekte nan yon fason tankou pou pwoteje pèsonèl netwayaj la ak anpeche pwopagasyon viris ak jèm yo. (Gade rekòmandasyon VRMA/VRHP)
- Si yon pwopriyetè pa kapab ofri netwayaj lenj ak dra kabann sou sit la dapre direktiv sa yo, lenj ak dra kabann yo dwe gen yon pwofesyonèl ki lave yo pou bon netwayaj.
- Pèsonèl netwayaj la ak pèsonèl lokasyon pou vakans yo dwe retire gan, itilize dezenfektan pou men ak mete gan nèf apre yo fin manyen lenj ki sal.
- Kouvèti/edredon yo dwe retire pou lavaj ak ranplase ak atik ki fèk lave, oswa kouvrí ak yon kouvèti divè ki fèk lave kòm altènativ.

Retire Fatra

- Pou rasanbleman fatra pa anndan ak pa deyò, nou dwe mete gan ak mask toutan.
- Dezenfektan yo dwe itilize nan baril fatra ak yon revètman fre oswa sachè dwe itilize anndan baril oswa poubèl la.

Antretyen

- Tout envite yo dwe kite pwopriyete a anvan ekip antretyen an antre.
- Teknisyen yo dwe mete gan ak mask toutan, epi dwe jete yo kòmsadwa apre yo kite. Pèsonèl k ap antre sou yon pwopriyete nan mwens ke 18 èdtan apre envite yo fin kite dwe mete linèt pwoteksyon.

Règleman pou Pwopriyetè ak Envite

- Kouvèti, zòrye dekoratif anplis oswa lòt objè mou yo dwe rete lwen jiska nouvèl òd.

Aplikasyon Lalwa ak Sanksyon

1. Pwopriyetè ak manadjè pwopriyete lokasyon pou vakans yo dwe bay yon rapò chak de mwa bay Biwo Devlopman Touris Konte Palm Beach lan (premye rapò a dwe bay nan dat 24 jen 2020, answit nan 1ye ak 3yèm vandredi chak mwa) ki gen ladan non pwopriyetè oswa manadjè a, adres pwopriyete a, tout rezèvasyon yo (Dat rive ak depa) ak kòd postal kay moun k ap fè lokasyon an. Tout rapò yo dwe ale jwenn Joan Hutchinson at ihutchinson@palmbeachfl.com. Gen yon modèl rapò ki disponib nan www.pbcgov.org.
2. Tout pwopriyetè lokasyon pou vakans yo vreman ankouraje bay yon kopi enfòmasyon kontak pèsònèl yo ki gen ladan nimewo telefòn ak imèl yo bay mèt pwopriyete yo ki toupre ak dirèkteman sou lòt bò lari oswa koridò nan pwopriyete yo a. Sa ka garanti ke si ta gen nenpòt pwoblèm nan pwopriyete lokasyon an, vwazen yo gen aksè imeda ak mèt pwopriyete a pou diskite jan pou redui pwoblèm ki ta prezante yo pandan peryòd lokasyon an.
3. Si gen yon vyolasyon nenpòt eleman nan plan sa a, vyolasyon an dwe rapòte bay biwo pou fè aplike kòd jiridiksyon lokal ki aplikab. Yon jiridiksyon (minisipal oswa konte) lokal ki aplikab ka emèt yon Avètisman Alekri, yon Pwosè Vèbal Sivil oswa Avi Vyolasyon, ki ka gen ladan yon amann jiska \$250 pa jou oswa refere ak ajans lokal pou fè aplike lalwa pou detèmine si li nesesè pou pran plis aksyon.

Plan sa a ka mete ajou ak/oswa amande chak de (2) semèn, jan sa nesesè.